АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№27
(10021)

РУЗМАН

8 июль
2022 сон

9 ЗУЛЬ-ХIИДЖА 1443 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ СУРАКЪАТ АСИЯТИЛОВАС 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## Мисалалъе мустахIикъав инсан



**Политик, гIалимчи, спортсмен, жамгIияв цевехъан, халкъияв депутат- Суракъат Асиятилов ракIалдещвеялъул юбилей тIобитIана араб рузман къоялъ ХIебда мадания-талъул кIалгIаялда.**



Тадбиралде гIахьаллъи гьабизе щвана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председатель Заур Аскендеров, гьесул заместитель Камил Давдиев, ДРялъул тIабигIиял ресурсазул ва экологиялъул министр Ибрагьим Ибрагьимов, олимпиялъул чемпион, ДРялъул спорталъул министрасул заместитель ХIайдарбег ХIайдарбегов, ДРялъул туризмалъул ва халкъиялгун художественниял ишазул министрасул заместитель ГIабдула МухIамадов, Халкъияб Собраниялъул депутатал- Мурад Пайзулаев, МухIамад Батхулаев, МухIамад МухIамадов, Жамалудин Нажмудинов, Марат Алияров, автовокзалалъул генералияв директор Саид Саидов, Буйнакск шагьаралъул бетIер Исламудин Нургудаев, Унсоколо районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадов, Хьаргаби районалъул бетIер МухIамадгIали ТIагьиров, ДРялъул Муфтиясул заместитель МухIамадрасул СагIадуев, ДРялъул халкъияв поэт, писателазул союзалъул председатель МухIамад АхIмадов, Дагъистаналъул халкъияв поэт МухIамад ХIамзаев, Суракъат Асиятиловасул вац, ГIабдалло Асиятилов, Суракъатил вас, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад Асиятилов, нилъер районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, росабазул бегавулзаби ва цоги рикIкIен гIемерал тIаде щварал гьалбал.

(Ахир 2-леб гьум.)



■ ЛЪУГЬА-БАХЪИНАЛ

## ЦIадул балагь

**5 июлалъ Гьогъолъ росулъ мажгиталда цIа ккана, гьелдалъун цIа хурхана аскIоб букIараб мадрасалда ва 2 минаялда. Инсанасе къварилъи ккечIо, амма росдае кIудияб зарал ккана. Къварилъиялъул хабар лъазабуна гьебсагIат тIолго районалда. ГьагъадерИе кумекалъе къватIир рахъана райцентралдаса ва сверухъ ругелщинал росабалъа гIолохъаби.**



ЦIадуца бачараб бакI кIудияб букIиналъ, цо ХIебдаса гуребги цIа свинабулел машинаби тIаде щвана Хунзахъ ва Хьаргаби районалдасаги. ЗахIматаб ахIвал-хIал букIиналъ, кумекалъе нухал къачIалеб идараялъул машинаги бачIана.

Пожарниязул ва захIматаб къоялъ хIалае ратарал районцоязул хIаракаталдалъун, тIолго росу бухIиялда хIинкъи букIараб гьалагаб цIа свинабизе кIвана. ЖамагIатгун къварилъи ккаралъуве щвана районалъул бетIер МухIамад ХIасановги.

-ГIаммаб хIаракаталдалъун, нилъеда бажарана гьаниб бугеб ахIвал-хIал рукIалиде бачIинабизе ва росдаего букIараб хIинкъи лъугIизабизе. ТIаде къо ккедал бихьана районалъул гIолилазул бажариги, жамагIатазул гъункиги, цоцазе хIалай ратиги, -ян абуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас цIа свинабизе хехаб кумекалъе щваралщиназе кIудияб баркала загьир гьабулаго.

Къварилъи ккаралъуб гьабураб кумекалъул даража Аллагьас аза-азар даражаялде бахинабулелъул, мажгит ва мадрас цIигьабизе, гьединго, ва мина бухIаразе садакъа гьабизе бокьараз хIалтIизабизе бегьула гьаб карта: Шамил Зурканаевич Сбербанк 2202 2018 8177 1873.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ БАРКИЯЛ

### Къурбаналъул гIид




Хириял бусурбаби, районцоял! Гьале нилъеде тIаде щвана бусурбабазул бищунго хирияб байрам – Къурбаналъул гIид. Къабул гьабе дир ракI-ракIалъулаб барки, хирияв диналъул вацал ва яцал.

Щивасул рукъалда лъейги баракат, къабул гьабеги киназулго хъураб къурбан. Аллагьас нилъ мунагьаздаса рацIцIалъиялъе сабаблъун щвараб батаги исламалъул аслияб байрам жаниб бугеб гьаб хирияб Зуль-хIиджа моцIги. Тавпикъ ва къуват кьейги щивасе Аллагь разияб гIибадатгIамал гьабизе.

Исана баракатаб сапар бухьарал нилъер хIажизаби, хирияб ракьалдаса рекIел мурадал тIуран тIадруссаги.

Гьарула тIолго бусурбабазе парахатаб, сахаб ва ракълилаб гIумру.

### ТIолгороссиялъул хъизаназул къо

ХIурматияб Шамил районалъул жамагIат! РакI-ракIалъ баркула нужеда ТIолгороссиялъул хъизаназул къо! РФялъул Президент В.Путинил, 2022 соналъул 28 июналь гъулбасараб №411 Указалда рекъон, 8 июль-хъизаназул къо, лъазабуна официалияб байрамлъун!

Хъизаналда, ригьнада рукIин ккола инсанасул бищун къиматаб бечелъи! Хъизаналъул бищун кIудияб талихI буго лъимал ва лъималазул лъимал. Гьел гIезари, цIализари, битIараб нухде ккезари бараб буго рокъоб цоцадехун бугеб гьоркьоблъиялда ва гьуинлъиялда.

Байрам гьоркьоб ккун хасаб баркала загьир гьабизе бокьун буго гIемер лъимал ругел, хьихьизе лъимал рачарал ва сакъатлъи бугел лъималаздаса инкарлъичIел хъизаназе. Нужер бахIарчияб, мисалияб ва кIвахI тун хъизан-рукъалда сверухъ гьабулеб гIумруялъ щула гьарула гIолохъанал хъизаналги.

Гьарула тIолго районцоязе щулияб сахлъи, сундулъго икъбал! ЦIунаги нужер хъизан-рукъ балагьаздаса, унтабаздаса ва кьогIал харбаздаса!

**Районалъул бетIер**
**МухIамад ХIАСАНОВ**




**ХIурматиял районалъул почалъул хIалтIухъаби ва ветеранал!**

Баркула нужер профессионалияб байрам-почтаялъул хIалтIухъанасул къо! Церегоялдаса нахъе нуж руго гIадамазда гьоркьоб бухьен хвезе биччачIел махщалилал. Чан батIияб къагIидаялъ бухьен цIилъаниги, хиси гьечIого буго нужер гIадамазул бухьеналда хурхарал къваригIелал тIуразариялъул ишал. Районалда нужеца борхатаб даражалда тIубазабула «Цолъи» казият цIалулезулгун бухьенги. Нижер аслияб мурад-подписчиказухъе жиндир заманалда казият щвей, нужеца тIубала дурусго!

Баркигун баркала загьир гьабулаго, гьарула нужее щулияб сахлъи, хIалтIулъ бергьенлъаби, сундулъго битIккей ва нужедаса районалъул жамагIат разиго хутIи.

**Баркигун, «Цолъи» газеталъул коллектив**

■ СУРАКЪАТ АСИЯТИЛОВАС 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Мисалалъе мустахIикъав инсан





(Байбихьи 1-себ гьум.)

Суракъатил тIолго гIумрудул бицунеб ва гьелдаса лахIзатал рихьизарулел видеофильм бихьизабуна гIахьалчагIазда тадбиралъул байбихьудаго. Гьесул гIагараб росдал, лъимерлъиялъул, гIолохъанлъиялъул, шагьаралда цIалулеб заманалъул, цадахъго спорталда росарал бергьенлъабазул, хадуб политикияб ареналда гьабурабщинаб хIалтIул- киналъулго баян кьуна халатбахъинчIеб видеофильмалда.

Тадбиралда кIалъазе рахъараз бицана Суракъатица гьабураб жамгIияб хIаракатчилъиялъул, ислам ва спорт цебетIеялъе гьес лъураб кIудияб бутIаялъул, гьесул рагIул кьвариялъул, бихьинаб гIамалалъул, иманалъул къвакIиялъул, ВатIаналде букIараб рокьул ва аскIоре рачIанщиназул къваригIел тIубалаго тIамураб гIумрудул.

- ХIурматиял гьалбал, тадбиралъул гIахьалчагIи, салам буго хIурмат цIикIкIарав, легендалъун жив лъугьарав Суракъат Асиятилов ракIалдещвеялъул тадбиралда гIахьаллъи гьабизе щваралщиназе. Жакъа нилъ данделъун руго жиндирго гIагараб ракьалъе, тарихалъе ва гIадатазе хилиплъичIев Суракъатил гIумрудул цо-цо асарал ракIалде щвезаризе. Гьидалъ буго-районалъул ичIго росу, кидаго эркенлъи бокьулеллъун, бахIарчиялльун, ракIбацIцIадаллъун жиндир васалгун ясал куцараб. БатIияв лъугьине рес букIинчIо, жиндирго кьалбал киданиги кIоченчIев Суракъат Асиятиловасеги. Профессор, эркенаб гугариялъул ва самбоялъул спорталъул мастер, Халкъияб Собраниялъул чанго ахIиялъул депутат Суракъат Хаваловичас тIамуна гвангъараб гIумру. Халкъияб Собраниялъул депутат хIисабалда, гьес цо Шамил районалъул гуребги, кумек гьарун щванщиназул къваригIелал тIуралаан. ТIалаб-агъаз гьабичIого тунгутIи лъан, гьесул бажариги лъан, тIолго Дагъистаналдаса гIадамал щолаан Асиятиловасухъе къварилъаби лъугIиналде хьулгун. Жиндирго ишалги нахъе тIамун, щивасе Суракъатидасан кумеки щолаан. Гьесул районцоялльун рукIин нилъее чIухIилъун букIана ва кидаго букIинеги буго, -ян кIалъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов.

Исламияб партиялъул цевехъанлъун вукIарав Суракъат Асиятиловасул бацIцIадаб дин цебетIеялъе букIараб кIудияб кумекалъул ва бажариялъул бицун кIалъазе вахъана Муфтиясул заместитель МухIамадрасул СагIадуев.

Тадбиралъул ахиралда Суракъатил вац ГIабудалло Асиятиловас кIудияб баркала загьир гьабуна тIаде щварал гьалбадерие ва киналго гIахьалчагIазе.

ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА

■ ДАНДЕЛЪИ

# ХIалтIул хIисабкьеял ва тIадкъаял

**30 июналъ райадминистрациялда тIобитIана росабазул бегавулзабазул иргадулаб данделъи. ДРялъул бетIер Сергей Меликовасулгун гьабураб ВКСалда рехсарал аслиял суалазулги бицун, данделъи рагьана ва нухда бачана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас.**



Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель ГI.Рамазановас, районалъул прокурорасул заместитель ХI.ГIонжоловас, военком А.МухIамадовас, росдал бегавулзабаз ва администрациялъул цо-цо хIалтIухъабаз.

Налогал ракIариялъул баяназул ва росабазул администрациябазда хадур ругел налъаби дагьлъизаризе гьарулел хIалтIабазул бицана финотделалъул нухмалъулев М.Вагьабиловас.

Росабалъ рагъулаб хъулухъ тIубаялъул призывалда хурхун гьарурал хIалтIабазул бицун кIалъазе рахъана районалъул бетIерасул заместитель ГI.Рамазанов ва военком А.МухIамадов.

Цереккун хIисабалде росун рукIарал ракьазул ихтиярал ругел ралагьиялъул бицана ракьазул хал гьабиялъул райадминистрациялъул специалист МухIамад ГIумарасхIабовас. Гьединго, гьес рехсана хIалтIаби лъикI ва жиндир заманалда тIурарал росаби.

Жакъа къоялъ инвестициялъулал проектазда рекьон, районалда ралел ругел объектазул баян кьуна капиталияб строительствоялъул отделалъул нухмалъулев Ш.ГъазимухIамадовас.

Гьединго, МухIамад ХIасановас данделъиялъул ахиралда бицана рузман къоялъ районалъул маданияталъул кIалгIаялда Суракъат Асиятиловасул 90 сон тIубаялде ДРялъул ХIукуматалъул вакилзабиги гьоболлъухъ щун гьабизе бугеб кIудияб тадбиралъул. Юбилеялде мустахIикъаб хIалалъ хIадурлъиялъе бугеб кIваралъул бичIчIи кьуна районалъул бетIерас.

Данделъиялъул хIасилалда киналго суалазул жавабиял хIалтIухъабазда тIадкъана гьарулел хIалтIабазда хадуб хал кквезе.

ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА

■ ТАДБИРАЛ

# Фестиваль «МугIрузулал»



**Араб шамат къоялъ, 2 июлалда ХIебда маданиялъул кIалгIаялда тIобитIана «МугIрузулал» абураб фестиваль. Санайил тIобитIулеб гьеб тадбиралъ исана данде гьаруна «Дир халкъалъул кьурдаби ва кучIдул» абураб ахIиялда гьоркь маданият бокьулелщинал.**

Маданияталъул хиса-басиялда рекъон тIобитIулеб программаялъул гIахьалчагIилъун нилъер районалде щун рукIана Крымалъул татаразул «Атеш» ансамблялъул артистал. Районалъул маданияталъул хIалтIухъабаз гьалбадерие гьабуна хIурматияб дандчIвай. Нилъер районалъул гьунарчагIигун гьез бихьизабуна бечедаб церерахъиналъул программа. Балагьараз гьеб гьираялда къабул гьабуна.

Фестивалалъул тадбир рагьана ва нухда бачана районалъул маданияталъул, туризмалъул гIолилазул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ГIабдулгьапар ГIабдулмухIамадовас.

Давуд ДАВУДОВ



■ ДГМУЯЛЪУЛ 90 СОНИЛАБ ЮБИЛЕЯЛДЕ

# Макъсудовасул цIар кьуни, рекъараб букIинаан

**Исана ноябралда тIобитIизе буго ДГМУялъ 90 сон тIубаялъул юбилей. Гьел соназда жаниб ДГМУялъе нухмалъи гьабуна 13 чияс. Байбихьуда гьеб хъулухъалда цIар букIана «директор» хадуб –«ректор». Гьайгьай, щивав директор-ректорас саламатаб бутIа лъуна ДГМИ-ДГМА-ДГМУ цебетIезабиялда. Амма МухIамад Макъсудовас ДГМИялъе ректорлъи гьабурал сонал рикIкIуна гьелъул коллектив щула гьабурал ва хIалтIулъ чIахIиял хIасилал ккараллъун.**



МухIамад Макъсудов гьавуна 1913 соналъул анлъабилеб февралалда Авар округалъул (гьанжесеб Шамил район) Гьолокь росулъ. Дол соназда магIарухъ букIинчIо официалияб медицинаялъул кинабгIаги хъулухъ.

МухIамадил кIудада вукIана халкъияв местIер, гьес сах гьарулаан Хунзахъ округалъул унтарал. Лъимерлъудаса нахъего МухIамадилги анищ букIана кIудадаго гIадав местIерлъун вахъине. Амма байбихьуда рукIана росдал школалда цIали (1925-1930), хадуб – Дербенталъул ва Буйнакскиялъул педагогияв техникумал (1930-1933). ЦIали лъугIидал, ай 1933 соналда, ДАССРалъул Наркомпросалъул буюрухъалда рекъон, 20 сон барав гIолилав витIана Гьолокь росдал тIубачIеб гьоркьохъеб школалъул директорлъун. Гьенив МухIамад хIалтIана кIиго соналъ (1933-1935).

1935 соналда МухIамад цIализе ана Москваялъул стоматологияб институталде. 1939 соналда лъугIизабуна гьеб ва тIадвуссана Дагъистаналде.

ХIалтIана МахIачхъала шагьаралъул стоматологияб поликиникаялда ва больницаялда. Эркенаб заманалда дарсал кьолаан зубоврачебнияб школалда.

Гьайгьай, гIолохъанав тохтурасул рукIана букIинеселде чIахIиял анищал, бокьун букIана цIияб къагIидаялда хIалтIи гIуцIизе, хIалбихьи цIикIкIинабизе, лъай гъварид гьабизе ва махщел цIубазабизе. Амма гьеб киналдаго тIад хIучч цIана ракъалъ. Макъсудов ахIана рагъулаб хъулухъ тIубазе ва тIамуна №3187 эвакогоспиталалъул челюстно-лицевой отделениялъул начальниклъун. ГIемер заман иналдего тIамуна госпиталалъул начальниклъун, гьединго Севериябо Кавказалъул фронталъул эвакогоспиталазул челюстно-лицевой отделениязул бетIерав хирурглъун.

Гьелдаго цадахъ гьес дарсал кьолаан госпиталияб хирургиялъул кафедраялда, рачунаан стоматологиялъул курсал.

1941 соналъул кватIараб хаслихълъуда немцаз жигар бахъулеб букIана Кавказалде рорчIизе.

МахIачхъалаялъул клубал, кинотеатрал, школал сверизаруна госпиталазде. ГIемерисеб мехалда гIолохъанав хирургас жинцаго гьаризе кколаан захIматал операциял. Доб заманги ракIалде щвезабун, МухIамадица абулаан: «ГIолохъанаб мехалда кинабго жо, хIатта, бищунго захIматал ишалги, бигьалъула». Амма челюстно-лицевой отделениялда хIалтIулел тIоцересел къоял дие рукIана гIумруялда жанир бищунго захIматаллъун», - ин. Рагъул ва рагъдаса хадусел тIоцересел соназда Макъсудовас гьабун буго лъабазаргоялдаса цIикIкIун операция.

1946-1951 соназда гьев хIалтIана рагъул инвалидазул госпиталалъул челюстно-лицевой отделениялъул начальниклъун. Республикаялъул нухмалъиялда бихьана гIуцIарухъанлъиялъе Макъсудовасул бугеб гьунар ва 1951 соналъул 17 апрелалда МухIамад тIамуна Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул министрлъун, гьебго заманалда цадахъ бачунаан госпиталияб хирургиялъул кафедраялъул доцентасул хIалтIиги. Микьго соналъ хIалтIана министрлъун. Гьеле гьел соназда цIидасан гIуцIана хасал ишазда тIадчIеялъул ва махщел камил гьабиялъул хъулухъал, рагьана 15 цIияб больница, чамалиго диспансер, 600-ялдаса цIикIкIун ФАП. Гьединго МахIачхъалаялда рагьана нусго унтарасе бакI бугеб, рахунел унтабазул больница, Буйнакскиялда –лъималазул больница, Дербенталда– туберкулезалъул больница, республикаялъул бруцеллезалъул больница, Гъаякенталда – санаторий, республикаялъул трахоматозияб ва психоневрологияб диспансерал, поликлиникагун ва стационаргун цадахъ цIияб стоматологияб комплекс.

Республикаялъул стоматологияб поликлиникаялда гIуцIана лъималазул отделение. Гьарурал операциязул хIасиладалъун ва профессионалияб къадруялдалъун Макъсудовас бетIерлъи гьабулеб челюстно-лицевая хирургиялъул отделение лъугьана Севериябо Кавказалда гьеб профилалъул бетIераб централлъун. Гьенир сах гьарулаан нилъер улкаялъул гIемерисел республикабаздаса ва областаздаса рачIарал захIматго унтарал гIадамал.

Дол соназда улкаялда, хасго республикаялда, гIолел рукIинчIо лъайги махщелги бугел тохтурзаби.

Гьеб ахIвал-хIал хисизабиялъул мурадалда, 1959 соналъул декабралда Макъсудов тIамуна ДГМИялъул ректорлъун. 1968 соналда гьесие кьуна «профессор» абураб гIелмияб цIар.

25 соналъ (1984 соналде щвезегIан) нухмалъи гьабуна гьес республикаялъул ВУЗалъе, цого заманалда бетIерлъи гьабуна стоматологияб кафедраялъе (1967-1973), хадуб – хирургиялъулаб стоматологиялъул кафедраялъе (1973-1989).

25 соналда жаниб институт цебетIезабиялъе гьес гьарурал хIалтIабазул сияхI цIакъго халатаб буго.

Рагьана цIиял отделениял ва факультетал: 1964 соналда – лечебнияб факультеталъул къасисеб отделение,1965 соналда – стоматологияб ва 1968 соналда – педиатрияб факультетал,1974 соналда – хIадурлъиялъулаб отделение, 1983 соналда – тохтурзабазул лъай-махщел камил гьабиялъул факультет. ЛъикIаланго гIатIид гьабуна материалиябгун техникияб база: студентазе бана 1400 бакI бугеб лъабго общежитие, морфологияб корпус, спортияб комплекс, студентазе «Айболит» кафе, спортивиябгун сах гьариялъулаб лагерь; бана биологияб корпус; байбихьана Калининил цIаралда бугеб проспекталда цIалулгун лабораториязул корпусал разе. Гьебго заманалда хIадурана гIелмабазул 25 доктор ва 130 кандидат.

Дагъистаналъул гIелмияб стоматологиялъе кьучI лъурав ва гьелъие бетIерлъи гьабурав чилъун рикIкIуна профессор МухIамад Макъсудов.

Ректорлъун гьев вугел соназда ДГМИ лъугьана Россиялдаго къадруял ВУЗазул цояблъун. Гьеб лъугIарал тохтурзаби хIалтIулел рукIана Совет Союзалъул киналго республикабазда. Гьел республикабазул вакилзаби рачIунаан нилъер тохтурзаби жидехъе хIалтIизе ритIеян гьарун, киса-кибего цIар ун букIана гьезул лъай-махщалил.

Жакъаги Макъсудовасул гIелмиял хIалтIабазул бечедаб ирсалъул къадру-къимат хун гьечIо. Сахлъи цIуниялъе кIвар бугел масъалаби рорхарал гьесул нусгогIанасеб гIелмияб хIалтIи ва монографиял рахъана Россиялъул гIелмиял журналазда.

КIудияб практикияб кIваралъе мустахIикълъана Макъсудовасул ургьисаго ругел гьурмазул гIунгутIаби сах гьариялъе операциял гьаризе кколеб къагIида малъулел хIалтIаби.

Макъсудов гIемерал соназда хIалтIана цабзазул рижи-байбихьи (зачатки) цо бакIалдаса цоги бакIалде ва цоги чиясул чIандероялда рекIинабизе бегьулеб къагIида – захIматаб масъала лъазабиялда тIад.

1967 соналда гьес цIунана «Материалы к гомотрансплантации зубных зачатков» абулеб темаялда хъвараб докторлъиялъул диссертация.

1970 соналда басмаялда бахъана «Гомотрансплантация зубных зачатков» абулеб гьесул монография.

Гьеб гIелмияб хIалтIиялъ рес кьуна цIияб даражаялда стоматология цебетIезабиялъе. ЦIакъ кIудияб кIвар бугеблъун рикIкIуна, Макъсудов тIад хIалтIун, хIадур гьабураб ва практикаялда хIалтIизабураб цабзазул рижи-байбихьи (зачатки) цо бакIалдаса цоги бакIалда ва цоги чиясул чIандероялда рекIинабизе рес кьолеб къагIида.

Халкъалъе гьабураб хъулухъалда рекъон, ВатIаналъ гIемерал шапакъатал кьун, кIодо гьавуна профессор Макъсудов. Гьесие кьуна БагIараб Байрахъалъул ЗахIматалъул кIиго орден, «ХIурматалъул гIаламат» орден, СССРалъул микьго медаль, «Отличник здравоохранения СССР» ва «Отличник высшей школы» абулел гIаламатал. Гьев мустахIикълъана ДАССРалъул ва РСФСРалъул мустахIикъав тохтур, ДАССРалъул ва РСФСРалъул гIелмуялъул мустахIикъав хIалтIухъан абурал цIаразе.

Макъсудов гIумруялдаса ватIалъана 1993 соналъул 31 декабралда.

Машгьурав гIалимчи ва хирург МухIамад Макъсудовасул нусго сонилаб юбилеялда бан, 2013 соналъул 15 июналда Шамил районалъул ХIебда росулъ тIобитIун букIана данделъи. Гьениб хIукмуги гьабун букIана ДГМАялъе профессор М. Макъсудовасул цIар кьеялъе квербакъи гьабеян абун, ДРялъул президентасул ишал тIуралев Р.ГIабдулатIиповасде хитIаб гьабизе.

Амма хIасил ккечIо. Гьединлъидал, Шамил районалъул халкъалъул рахъалдасан ДРялъул бетIерасде ва хIукуматалде гьединабго хитIаб гьабулеб буго гьанжеги. Хьул буго гьаб нухалдагIаги республикаялъул нухмалъиялда нижер гьаракь рагIилин ва, ДГМУялъе Макъсудовасул цIарги кьун, гьев абадиялъго кIочонаревлъун гьавилин абураб.

**Нури НУРИЕВ**

**(ХIакъикъат газеталдаса босараб)**

■ ДАНДЕЛЪИ

# Херазул ва ветераназул Советазул хIалтIаби

**1 июлалда райадминистрациялда тIобитIана районалъул херазул ва ветераназул Советазул цадахъаб данделъи.**

Гьенибе босараб аслияб суаллъун букIана райцентралъул санитарияб ахIвал-хIал ва гьеб къачIай. Гьелда тIасан кIалъай гьабуна росдал администрациялъул нухмалъулев АхIмадов МухIамадица. ХIалтIизе лъугьун гIемер санал гьечIониги бажарарабщинаб хIалтIи гьабун буго гьес. Щуго росдал къватIалде тIун буго бетон, кIиго къватIалде тIун буго хъил, къватIазда чирахъал ракизе эхетун буго 23 хIуби, 21 объекталда лъун руго видеонаблюдениял. Гьелъ лъалаго квербакъун буго цIогьал ратизеги, цо-цо рагъулел лъазеги.

Районалдаго бищун кIудияб росу букIиналъ, гIемерал хIалтIаби гьаризе квалквал ккун буго гIураб гIарац гьечIолъиялъ. Бищун аслиял хIалтIаби кколин абуна гьес, лъедалъун росу ккезаби ва канализация гьаби. Лъадал суал росулъ кидаго букIана. ГIазу-цIад банщинахъе квешго хIабургъун лъугьуна АваргIор, гьединго, гIесдерил лъарги. Гьебги хIисабалде босун, байбихьун буго Игьор лъарахъа рогIралги лъун цIияб лъим бачине. Араб соналъго гьеб хIалтIи гьабуна, амма росулъе щолеб бакIалдаса бугеб гохI-щоб къотIун лъим бачине рес гьечIого букIиналъ, гьелъул проект хисизабизе кканин ва гьеб хIалтIи рагIалдеги бахъунеб бугилан абуна данделъиялда гIахьаллъарав районалъул бетIер М.ХIасановас.

ЗахIматаб суал бугила канализациялъул суалилан кIалъана М.АхIмадовги. ГIемерисел канализациялъул рогIраздаса гьеб битIахъе АваргIурухъе унеб батана. Районалъул полициялъул хIалтIухъабиги кумекалъе рачун, гьелъие нухал къалел руго. Гьелда бан, исана 81 протокол гьабун буго ва нусгоялдасаги цIикIкIараб уведомление кьун буго гIадамазухъе, 17 чиясда актги гьабун буго. Росулъ гьабун буго рищни-къул базе маххул ящикал лъезе 8 площадка. Анкьие 6 нухалъ нахъе баччулеб буго гьеб. Амма къойил хIалтIулеб Камазалъе солярка тIезеги, гIурухъа насосалъ къабулеб лъадахъ ва цогидабги бухIараб токалъухъ кьезе кколел гIарцул налъаби руго. ТIадежоялъе налогазги чIван лъолел руго. Данделъиялда къотIи гьабун букIана щибаб моцIалъ 100 гъурущ щибаб цIаракиялъ кьезе, амма гьеб кьолел чи къанагIат руго.

Данделъиялда борхана жамгIияб хIажатхана букIине ккеялъул ва росабалъа нисо-хIан гIадинал кванил нигIматал ричулезе цо хасаб бакI букIине ккеялъулги. Гьелда хурхун бегавулас абуна райцентралда цо рокьоб чIвазе бакI тун гьечIила зеленкабиги (ратила гьел гьерсилалги) гьарун, бакIал ккун тIад минаби-тукабиги ран. Гьеб суал хасал органазухъе кьун бугилан. Кин бугониги, АхIмадовас бажараараб хIалтIи гьабулеб буго, гьабизе жеги гIемераб цебеги буго. ТIурачIел суалал райадминистрациялдаги дандран, рагIалде рахъинаризе ругилан абуна гьес. Жидедаса бегьулеб кумек гьабизе хIадурал ругилан абуна данделъаразги. Хадубккунги хIалтIи лъикIлъизе квербакъулеб хIукмуги къабул гьабуна данделъиялда.

**Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ БАРКИ

# Юбилейгун, МухIамаддибир СайгидгIумарович



Саламов МухIамаддибир СайгидгIумарович гьавуна 15 июналъ 1952 абилеб соналъ Къваниб росулъ векьарухъанасул хъизамалда. 15 июналъ МухIаммаддибирас тIобитIана 70 сон тIубаялъул юбилей.

Хъизамалда бищун кIудияв вукIиналъги, эменги армиялда вукIун, къварилъи захIмалъи бихьиялда, къо хIехьеялда, рукъалъул тIалабал тIоритIиялда куцан гIуна МухIамаддибир. Цебе букIараб 8-го сонилаб школаги лъугIизабун, МухIамадддибир ана Темирхан-Шураялда букIараб 1-себ Дагъистаналъул педагогикияб училищалде цIализе. 1969-73 соназ педучилище лъугIидал, МухIаммаддибир витIула Гьандихъ школалде хIалтIизе. 4 соналъ гьенив байбихьул школалда хIалтIула. Хадув витIула жиндирго Къваниб росулъе. Гьенисанги витIула 1978 соналъ Лъануб байбихьул школалъул завучлъун. Хадуви витIула ГIасаб росулъе. 1981 соналъ, гьелгощинал росабалъги хIалтIун, МухIаммаддибир ахирги ккола жиндирго росулъе. Гьев вукIана рахьдалги гIурусги мацIазул мугIалимлъун. Кив витIаниги МухIамаддибирица тIадкъараб хIалтIи ракIбацIцIадго тIубала ва щибаб росулъ рукIарал жиндирго цIалдохъабазул, гьудулзабазул, гьалбадерилгун бухьеналда вуго жакъаги.

Кивехун витIаниги, гьесул хьибил ккун, гьесда аскIой эхетун йикIана гьесул гIумрудал гьудул ПатIиматги. МухIамаддибирас ва ПатIиматица лъикIаб тарбия кьун гIезаруна 4 лъимал, 2 васги 2 ясги.

Исана цIалул сон байбихьидал, МухIамаддибир бала 50 сон лъайкьеялъул нухда ва гьев ккола «Отличник образования Республики Дагестан-2020».

МухIамаддибир, баркула дуда ракI-ракIалъ гIумруялъул 70 сон тIубай.

**Баркигун хъизан-агьлу, гIага-божарал, гьудул-гьалмагълъи.**

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

# Ниж гIадин Аллагьги разилъаги



5 июналъ ракIалдаго гьечIеб кIудияб балагь бачIана нижер росдаде. ЦIа ккун бухIана нижер мажгит, аскIоб букIараб мадраса, рекIана цIа гIагарда букIараб кIиго тIубан росуго бухIиялда хIинкъи букIана. Гьеб захIматаб къо нижеде ккедал, хIалае рачIанщинал чагIаз Гъогъолъ росдал къватIал цIун рукIана. Сверухъ ругелщинал росабалъа рикIкIен гIемерал рачIараз нижее гьабураб кумекалъун бицун нижеда хIал кIвеларо. Гьезулги, райцентралдаса ва аскIор ругел районазул пожарныязулги хехаб кумекалъ кIудияб балагь нахъчIвана. Киналго тIаде руссун бахъараб хIаракаталъ цIа цебе биччачIого свинабуна.

Нижее кумекалъе бахъараб хIетIги, багъарараб кверги, бихьараб гIакъубаги Аллагьас кирилъун хъвайги нужее. Жакъа хIакълъана нижее унго-унголъ районцоязде, унго-унголъ мадугьалзабазде букIунеб бугеб мугъчIвай. Гьадин цоцазул хьолбохъ рохалилъги къварилъиялъулъги эхетизе сахлъи ва къуват кьеги нужее, хириял районцоял!

**РакI-ракIалъулаб баркалагун гьагъадерил жамагIат**


ЦОЛЬИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ

П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ

Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи
«Шамильский районалъул»
администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Цияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул
“ГУП РГЖТ”
типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекьон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ кьимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50


■ МЧС ИНФОРМИРУЕТ

# Общие правила поведения при Чрезвычайных ситуациях

1. Не паникуйте и не поддавайтесь панике. Призывайте окружающих к спокойствию. Паника в любой ЧС вызывает неосознанные действия, приводящие к тяжелым последствиям, затрудняет действия спасателей, пожарных, медработников и других специалистов.

2. По возможности немедленно звоните по телефону “112” (единый номер вызова экстренных служб). При своем сообщении сохраняйте спокойствие, выдержку. Старайтесь говорить коротко и понятно. В сообщении необходимо сказать: что случилось; место, где это произошло (адрес, ориентиры); если Вы оказались очевидцем и Вам ничего не угрожает, постарайтесь оставаться на месте до приезда спасателей, пожарных, сотрудников полиции.

3. Если Вы пострадали или получили травмы, оказались вблизи пострадавшего, окажите первую медицинскую помощь. Своевременное оказание первой медпомощи позволит предотвратить или снизить тяжелые последствия.

4. Включите радио, телевизор, прослушайте информацию, передаваемую через уличные громкоговорители. В речевом сообщении до Вас доведут, что произошло, основные рекомендации и правила поведения.

5. Выполняйте рекомендации специалистов (спасателей и пожарных, сотрудников полиции, медработников). Это поможет своевременно оказать помощь пострадавшим.

6. Не создавайте условий, препятствующих и затрудняющих действия спасателей, пожарных, медработников, сотрудников полиции и общественного транспорта. Пропустите автотранспорт, двигающийся со специальными сигналами и специальной раскраской.

При получении сообщения об угрозе стихийного бедствия или его возникновении необходимо:

Плотно закрыть двери, окна, чердачные и вентиляционные люки.

Сообщить соседям об угрозе.

Потушить огонь в печах, выключить электробытовые приборы.

Укрыться в ближайшем прочном здании (заглубленном) или естественном укрытии.

Избегать вероятного поражения молнией - не укрываться под отдельно стоящими деревьями, не подходить к линиям электропередач, молниеотводам.

В условиях длительных снегопадов, обледенения - не находиться в ветхих строениях, не стоять под линиями электропередач и связи и под обвисшими стволами и сучьями деревьев.

Постарайтесь избегать выхода на улицу во время опасных природных явлений.

При возникновении скачков напряжения в электросети или его отключении

Немедленно обесточьте все электроприборы, выдерните вилки из розеток, чтобы во время вашего отсутствия при внезапном включении электричества не возник пожар.

Сообщите об аварии диспетчеру по тел. 112, попросите направить аварийную службу.

Используя для освещения свечи или сухой спирт, соблюдайте осторожность.

**Отделение надзорной деятельности и профилактической работы № 17 по Шамильскому, Хунзахскому, Тляратинскому, Цунтинскому районам и Бежтинскому участку УНД и ПР ГУ МЧС России по РД**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

## О проведении конкурса по продаже права на заключение договора аренды земельного участка

Администрация МО «сельсовет Тидибский» Шамильского района РД сообщает о проведении конкурса 08 августа 2022 года по продаже права на заключение договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05:33:000005:1138 категорией земли сельскохозяйственного назначения с разрешенным для сельскохозяйственного использования, расположенное по адресу:

РД, Шамильский район, с. Тидиб в местности «Верхний Чудину».

Форма подачи предложений о размере арендной платы: закрытая.

Площадь земельного участка 240000+/-343 кв. м. Заявления об участии в конкурсе принимаются в течении месяца со дня опубликования данного объявления с 07.07.2022 года, по адресу: РД, Шамильский район, с. Тидиб, ул. Ибрагимова Ибрагима Магомедовича, д. 6.